



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ
EGZEKITIF KI RETADE ELEKSYON PRIMÈ VILAJ YO NAN TOUT ETA A JISKA 28
AVRIL**

Nan kad efò pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan pandemi COVID-19 la, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon dekrè egzekitif pou retade eleksyon primè nan vilaj yo nan tout eta a jiska 28 avril.

"Pi gwo priyorite nou se kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi sispann pwopagasyon nouvo coronavirus la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ofisyèl sante piblik yo klè ke diminye dansite se youn nan fason ki pi efikas pou sispann pwopagasyon an, epi retade eleksyon vilaj yo pral ede asire anplwaye biwo vòt yo ak votè yo pa ekspozè potansyèlman a viris la epi an menm tan an kenbe entegrite sistèm eleksyon nou an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)